

Ëta Massachusetts

DEPATMAN SÈVIS PIBLIK

D.P.U. 21-50-B

22 Avril 2025

Ankèt Depatman Sèvis Piblik la (D.P.U.) fè sou Demann li te fè sou pwosesis pou ogmante sansibilizasyon ak patisipasyon piblik la anrapò ak pwosedi l yo.

LÒD

I. ENTWODIKSYON AK ISTWA PWOSEIS LA

Nan dat 16 avril 2021, Depatman Sèvis Piblik la (apre sa n ap jis rele l “Depatman an”) te pibliye yon “Vòt ak Lòd” ki te lanse ankèt sa a k ap egzamine fason pou ogmante sansiblizasyon ak patisipasyon piblik la parapò ak pwosedi Depatman an pa mwayen sèten kritè li tabli.

Depatman an te bay pwosedi sa a sig sa a: D.P.U. 21-50.

Nan dat 28 desanm 2022, apre l te fin resevwa kòmantè nan men diferan moun ak antite, e apre l te fin fè yon rankont vityèl avèk moun ki enplike yo an kolaborasyon avèk Konsèy Etablisman Enèji a (“EFSB”),¹ Depatman an te pibliye yon Lòd ak Pwojè Politik Tanporè pou Amelyore Sansiblizasyon ak Patisipasyon Piblik (apre sa n ap jis rele l “Pwojè Politik la”), epi yo te mande kòmantè sou Pwojè Politik la. D.P.U. 21-50, nan 9-10 (2022). Pwojè Politik la te pwopoze pou yo gwoupe pwosesis Depatman yo nan 3 diferan nivo selon konplèksite ak enpòtans ka a; chak nivo t ap gen kritè pa l sou fason pou yo pibliye l epi sansiblize piblik la.

Nan dat 23 fevriye 2024, apre yo te fin egzamine kòmantè yo te jwenn sou Pwojè Politik la, apre yo te fè konferans teknik vityèl avèk moun ki enterese yo, e apre yo te mande plis enfòmasyon ak kòmantè nan men moun ki enterese yo, Depatman an te pibliye yon Lòd, D.P.U. 21-50-A, ki te fè konnen Politik sou Nivo ak Sansiblizasyon l lan. Politik sou Nivo ak

¹ EFSB a, ki te fè demann pa l pou egzamine fason pou amelyore pwosesis yo sou sig EFSB 21-01, egzamine pwopozisyon sou gwo etablisman enèji, sa gen ladan l izin kouran, liy transmisyon elektrik, gwo tiyo ki travèse eta a ki pote gaz natirèl, ak gwo tank ki stoke gaz natirèl. Gade jeneralman Lwa Jeneral (G.L.) Chapit (c.) 164, §§ 69H – 69Q. Menmsi Depatman an sipòte travay EFSB a yon fason administratif, EFSB a pa anba sipèvizyon ak kontwòl Depatman an epi l pran desizyon l yon fason endepandan parapò ak Depatman an. G.L. c. 164, § 69H; gade tou Depatman Sèvis Piblik, Konsèy Etablisman Enèji, <https://www.mass.gov/orgs/energy-facilities-siting-board> (dènye fwa yo te revize l se te 3 avril 2025).

Sansiblizasyon an te gen ladan l yon tablo ki te klase diferan kalite pwosedi Depatman yo nan diferan nivo epi l te bay kritè presi pou sansiblizasyon pou chak nivo.

Nan dat 17 septanm 2024, Depatman an te pibliye Plan pou Sèvis Lang (“LAP”) apre l te fin pase 60 jou ap koute kòmantè nan men piblik la. Yo te devlope dènye LAP a an kolaborasyon avèk òganizasyon parantal Depatman an, Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè Anviwònman an (“EEA”) ak lòt òganizasyon ki anba EEA a, e ann amoni ak Akò Rezolisyon Enfòmèl ki te fèt ant (1) EEA a ak Òganizasyon Pwoteksyon Anviwònman Ameriken an, (2) Depatman an ak Depatman Transpò ak Administrasyon Sekirite Sistèm Tiyo ak Materyèl Danjere a (“DOT PHMSA”), ak (3) EFSB a ak DOT PHMSA a. LAP a detaye sèvis ki deja egziste pou ede moun jwenn sèvis lang ak prensip Depatman an pral suiv pou amelyore sèvis lang li yo grasa tradiksyon materyèl ak sèvis entèprèt.²

Nan Lòd sa a, nou abòde efè LAP ki ajou a ap genyen sou règ sou sèvis lang ki aplikab ak pwosesis ki nan Politik sou Nivo ak Sansiblizasyon an, nou ajoute yon kritè sou sètifikasyon pou depoze plan sansiblizasyon pou pwosedi Nivo 1, epi n klarifye fason pou aplike Politik Depatman an sou Nivo ak Sansiblizasyon an parapò ak pwosedi EFSB yo.

II. KRITÈ SOU SÈVIS LANG POU PWOSEDI NIVO 1

Nan D.P.U. 21-50-A, Depatman an te di pou pwosedi Nivo 1 yo ki afekte tout yon tèritwa sèvis, moun k ap depoze yon demann dwe tradui materyèl yo pral depoze yo nan 3 pi gwo lang yo pale nan Eta a (pa egzanp, espanyòl, pòtigè, ak chinwa mandaren) ak nan nenpòt lòt lang yo

² Ou ka jwenn LAP ki gen dènye mizajou Depatman an fè a isit: <https://www.mass.gov/info-details/language-access-at-the-department-of-public-utilities-dpu> (dènye fwa yo te revize l se te 3 avril 2025).

mande yo, otank sa pratik. D.P.U. 21-50-A nan 29 & Apendis A: Politik sou Nivo ak Sansiblizasyon § 2.a. Pou pwosedi Nivo 1 ki gen yon efè sou yon popilasyon “Jistis Anviwònmanal” (“EJ”) ki nan yon zòn jeyografik presi, san sa pa vrèman afekte rès tèritwa sèvis la, Depatman an te bay direktiv pou moun k ap depoze yon demann yo kowòdone avèk lidè minispal yo ak lidè ki nan kominote sa yo pou detèmine nan ki lang pou yo fè tradiksyon.

D.P.U. 21-50-A nan 29-30 & Apendis A: Politik sou Nivo ak Sansiblizasyon § 2.a. Depatman an te di tou moun k ap depoze yon demann, an kolaborasyon avèk Depatman an, t ap detèmine pou ki lang yo oblije bay sèvis entèprèt pandan rankont piblik apre yo fin depoze demann yo.

D.P.U. 21-50-A nan 30 & Apendis A: Politik sou Nivo ak Sansiblizasyon § 2.a. Finalman, Depatman an te di li gen pou l pibliye yon LAP ki revize pandan 12 mwa k ap vini yo k ap bay plis detay sou politik sou sèvis lang Depatman an. D.P.U. 21-50-A nan 30.

Jan n te di sa pi wo a, Depatman an te pibliye yon LAP ki revize nan dat 17 septanm 2024. LAP ki revize a tabli nouvo kritè anrapò ak sèvis lang ki sanble kontredi sa yo te deja tabli nan D.P.U. 21-50-A. LAP a mande “pou sèten pwosedi ki konplèks oubyen ki vrèman remakab (pa egzanzp, pwosedi sou pri to de baz ak ankèt k ap fèt nan tout eta a) [...] Depatman an pral chèche bay sèvis lang lè l tradui e entèprete nan lang yo jwenn souvan nan zòn sèvis ki afekte a.” LAP nan 7. Lè yo di pwosedi ki konplèks oubyen ki vrèman remakab, sa ann amoni ak definisyon pou pwosedi Nivo 1 ki nan D.P.U. 21-50-A, ki se pwosedi ki enplike gwo chanjman nan politik oubyen chanjman fondamantal nan pwosesis (san wete chanjman nan pri to de baz, gwo anons sou ankèt, ak pwosedi ki gen yon efè sou yon popilasyon EJ ki nan yon zòn byen presi san l pa enplike rès tèritwa sèvis la). D.P.U. 21-50-A nan 20 & Apendis A: Politik sou Nivo ak Sansiblizasyon § 1.

Lè LAP a pale de pwosedi ki pou tout eta a ki konplèks oubyen ki vrèman remakab (pa egzamp, pwosedi Nivo 1), “lang yo jwenn souvan” vle di 5 pi gwo lang yo pale nan Massachusetts, anpalan de moun ki pa fò ann anglè yo (yo rele moun sa yo “LEP” tou), selon done Sondaj Kominotè Biwo Resansman Ameriken an oubyen lòt sous ki apwopriye. LAP nan 7. Ansanm ak LAP a gen yon apendis ki idantifye espanyòl, pòtigè, chinwa (ni mandaren, ni kantonè), kreyòl ayisyen, ak vyètnamyen kòm 5 pi gwo lang LEP yo pale nan Massachusetts. Yo gendwa revize Apendis sa a pafwa san yo pa chanje rès LAP a. LAP nan 8.

Pou pwosedi ki pou yon tèritwa sèvis presi ki konplèks oubyen ki vrèman remakab, “lang yo jwenn souvan” pa vle di plis pase 5 lang omwen 3 pousan popilasyon LEP yo oswa 1000 moun nan LEP yo pale, y ap chwazi sa k mwens, selon omwen yon resansman yo te fè nan tèritwa sèvis la. LAP nan 7. Apendis LAP a bay yon lis lang ki ranpli kritè sa yo pou chak tèritwa sèvis konpayi gaz yo ak konpayi kouran yo. Pou Pou pwosedi ki afekte yon tèritwa sèvis byen presi ki pa afekte tout tèritwa sèvis konpayi distribisyon an, lang yo site pou konpayi distribisyon sa a gendwa chanje selon sa ki apwopriye pou tèritwa sèvis yo vize a. LAP nan 8. Pou pwosedi ki afekte yon kote byen presi ki konplèks oubyen ki vrèman remakab, Depatman an pral detèmine ki lang ki apwopriye pou tradiksyon ak entèpretasyon lè l egzamine done yo sou resansman ki te fèt nan zòn jeyografik pwojè yo pwopoze a afekte ak lè l idantifye lang omwen 5 pousan popilasyon LEP yo pale. LAP nan 7-8.

Jan n te di sa pi wo a, Depatman an rekonèt kritè sou sèvis lang ki nan LAP ki revize a enpoze règ sou moun k ap depoze demann ki ale pi lwen pase sa Politik sou Nivo ak Sansiblizasyon an enpoze. Pandan l rekonèt ki lè 2 dokiman sa yo soti, Depatman an te vle pou kritè ki nan LAP ki revize a soutni kritè ki nan Politik sou Nivo ak Sansiblizasyon an. Gade

D.P.U. 21-50-A nan 30 (ki rekonèt revizyon ki fèt nan LAP a t ap ajoute sou Politik sou Nivo ak Sansiblizasyon an). Kidonk, nan yon espas 60 jou apre dat Lòd sa a soti a, moun k ap depoze demann dwe kòmanse bay sèvis tradiksyon ak sèvis entèprèt ann amoni ak LAP a. Mete sou sa, ann amoni ak LAP a, Depatman an gendwa mande pou moun k ap depoze demann bay sèvis tradiksyon ak sèvis entèprèt toutpandan yon pwosedi ankou. Moun k ap depoze demann dwe poze aksyon pou asire yo sèvis sa yo disponib lè Depatman an mande yo.

III. SÈTIFIKASYON PLAN SANSIBLIZASYON POU PWOSEDI NIVO I

Ann amoni ak Politik sou Nivo ak Sansiblizasyon § 3, yon moun k ap depoze yon demann dwe ajoute sou demann Nivo 1 li an yon plan sansiblizasyon ki fèt pou pwosedi li a ki gen ladan l: (1) yon lis òganizasyon minisipal ak òganizasyon kominotè y ap bay yon anons; (2) plan yo genyen pou yo bay sèvis tradiksyon ak sèvis entèprèt (san wete ki lang ak rezon ki fè sa lang sa yo yo chwazi); (3) yon rezime nan langaj kouran; ak (4) yon deskripsyon sou sansiblizasyon yo te deja fè ak nenpòt lòt sansiblizasyon y ap planifye pou yo fè. Pou fasilite Depatman an egzamine plan sansiblizasyon sa yo, nou mande moun k ap fè demann yo ajoute ansanm ak chak plan sansiblizasyon Nivo 1 yo yon sètifikasyon ki notarye, menm jan ak sa yo konn bay avèk retou sèvis ki di moun ki siyen an sètifye yo te devlope e fè sansiblizasyon ki obligatwa pou pwosedi a ann amoni ak plan sansiblizasyon an, selon direktiv Depatman an.³

³ Kritè pou gen yon sètifika ki notarye a pa obligatwa pou pwosedi Nivo 2 ak pwosedi Nivo 3 paske moun k ap fè demann gendwa depoze plan sansiblizasyon standa pou pwosedi sa yo. D.P.U. 21-50-A, nan 25 & Apendis A: Politik sou Nivo ak Sansiblizasyon § 3.

IV. APLIKASYON POLITIK DEPATMAN AN SOU NIVO AK SANSIBLIZASYON PARAPÒ AK PWOSESIS EFSB YO

Nan D.P.U. 21-50-A nan 21, Depatman an pa t retire ka EFSB yo, depo G.L. c. 164, § 72 (konsènan pèmasyon pou fè konstriksyon ak pran tè moun pou liy tranzmasyon), ak depo G.L. c. 40A, § 3 (konsènan eksepsyon anrapò ak kesyon zòn) pou yo pa fè pati Nivo 1. Lè yo fè sa, Depatman an te note toudabò EFSB a t ap fè pwosedi pa l anrapò ak sèvis lang, EFSB 21-01, epi l t ap pran desizyon pa l sou piblikasyon ak sansiblizasyon pou ka EFSB. D.P.U. 21-50-A nan 21. Jan n te di sa nan nòt anba paj 1 pi wo a (e jan sa di nan D.P.U. 21-50-A nan 1 n.1), Depatman an soutni travay EFSB a yon fason administratif, men EFSB a pa anba sipèvizyon ak kontwòl Depatman an e li pran pwòp desizyon l yon fason endepandan parapò ak Depatman an. G.L. c. 164, § 69H. Kidonk, direktiv ki nan D.P.U. 21-50-A ak Politik sou Nivo ak Sansiblizasyon an aplikab sèlman anvè pwosedi Depatman an e yo pa aplikab anvè pwosedi EFSB yo.

Anrapò ak pwosedi G.L. c. 40A, § 3, “Yon Lwa ki Favorize Enèji Pwòp, Egalite, ak Pwoteksyon Kliyan” yo te tabli tou dènyèmman nan Lwa 2024 yo, c. 239 (“Lwa sou Klima 2024 yo” oswa “Lwa”) retire pwosedi sa yo anba sipèvizyon Depatman an epi l mete l anba sipèvizyon EFSB a. Lwa sou Klima 2024 § 37. Konsènan pwosedi G.L. c. 164, § 72, Lwa a retire otorite a sou Depatman an epi l bay EFSB a li apati mwa mas 2026. Lwa Klima 2024 §§ 75, 139. Epitou, Lwa sou Klima 2024 la retire otorite pou bay eksepsyon nan kesyon zòn nan nan Vil Boston an, ann amoni ak Lwa 1956, c. 665, § 6, nan men Depatman an epi l bay EFSB a otorite sa a apati 1 mas 2026. Lwa sou Klima 2024 la, §§ 91, 139. Jiskaske dat sa a rive, direktiv ki nan D.P.U. 21-50-A ak Politik sou Nivo ak Sansiblizasyon an pap aplikab pou pwosedi sa yo. Olye de sa, se kritè EFSB a fè sou anons ak sansiblizasyon k ap aplikab.

V. KONKLIZYON

Depatman an te lanse ankèt sa a nan dat 16 avril 2021 avèk yon “Vòt ak Lòd” pou chèche kòmantè nan men piblik la sou diferan kesyon ki gen rapò ak fason piblik la enplike e patisipe nan pwosedi l yo. Anpil nan kesyon ki souleve yo gentan jwenn repons nan D.P.U. 21-50-A ak nan Politik sou Nivo ak Sansiblizasyon an. Gade tou D.P.U. 21-50, Lòd ak Pwojè Politik Tanporè nan 4-6 (28 desanm 2022) (ki note aksyon yo te deja poze pou amelyore patisipasyon ak sansiblizasyon piblik la). Anplis de sa, dènyèman Depatman an te finalize LAP li a, Plan EJ li a,⁴ ak Plan pou Enplike Piblik li a;⁵ yo tout abòde e klarifye kesyon sou patisipasyon ak sansiblizasyon piblik la anrapò ak ankèt sa a. Epitou, Depatman an te anplwaye yon Direktè Jistis Anviwònmanal ak Patipasyon Piblik la pou gide Depatman an nan efò l ap fè nan domèn EJ ak patisipasyon piblik la, epi l pral kreye yon Depatman Patipasyon Piblik ann amoni ak Lwa sou Klima 2024 la, §10. Finalman, Depatman an te poze aksyon ki vin apre yo pou ogmante enplikasyon ak patisipasyon piblik la nan pwosedi l fè yo: (1) fè aranjman pou gen transkripsyon gratis sou sit wèb li a kote l mete dosye pou wòl ki apwopriye yo, (2) amelyore sit wèb dosye li a yon fason pou moun ka fè rechèch ladan l, (3) anonse pwosedi ki enpòtan sou rezo sosyo yo, (4) itilize plis langaj ki senp nan anons li fè yo, (5) pèmèt piblik la depoze kòmantè apre rankont piblik, epi (6) abòde kòmantè piblik la fè nan lòd li pibliye yo.

⁴ Plan EJ Depatman an sou paj 124 nan Plan EJ Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè Anviwònman an. Ou ka jwenn li isit: <https://www.mass.gov/doc/february-2024-environmental-justice-strategy-english/download> (dènye fwa yo te revize l se te 3 avril 2025).

⁵ Ou ka jwenn li isit: <https://www.mass.gov/info-details/eea-and-dpu-public-involvement-plans-pips> (dènye fwa yo te revize l se te 3 avril 2025).

Nan fen ankèt sa a, Depatman an rekonèt tout kòmantè li te jwenn yo, menm sa yo pa t abòde an patikilye (tankou pwograme rankont piblik plizyè diferan kote ak nan diferan lè, fason pou itilize rezo sosyo yo, ak finansman pou tradiksyon ak entèprèt). Kòmantè sa yo ede Depatman an konnen ki jan l gendwa amelyore fason piblik la ka pwofite e enplike nan pwosedi Depatman yo alavni. Nou remèsye tout moun ki te fè kòmantè ak tout moun ki enplike yo pou patisipasyon yo nan ankèt sa a.


VI. LÒD


Pakonsekan, apre anons, kòmantè, ak konsiderasyon, nou:

BAY LÒD: Pou Sekretè Depatman an distribye yon fason elektwonik, e kote yo mande sa, voye nan lapòs Lòd sa a bay lis distribisyon Depatman an pou pwosedi a; epitou, nou

BAY LÒT LÒD ANKÒ: Pou moun k ap fè demann ki anba otorite Depatman an respekte tout direktiv ki nan Lòd sa a.

Selon Lòd Depatman an,


James M. Van Nostrand, Prezidan


Cecile M. Fraser, Komisè